



# Fè tès ou yo!

Tès ki rekòmande pou fè pou kansè kapab ede sove lavi ou. Poze doktè ou oswa enfimyè ou kesyon sou tès sa yo.

Get your tests! – Haitian Creole

## Tès ki rekòmande pou gason ak fanm ki arisk mwayen

ant 21 ak 29 ane	ant 30 ak 39 ane	ant 40 ak 49 ane	50 Ane	GLOSE
<b>Tès pou Kansè Kolorektal*</b> Chèche konnen si ou arisk anpil pou gen kansè kolon oswa kansè rektal. Si repons lan se non, ou pa bezwen fè tès nan moman sa a.		<b>Tès pou Kansè Kolorektal*</b> Tès yo kòmanse lè ou gen laj 45 ane. Doktè a kapab itilize anpil tès. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou konsè nan ki tès ki pi bon pou ou. Kèlkeswa tès ou chwazi, sa ki pi enpòtan an se fè tès la.		<b>Tès pou Kansè Kolorektal*</b> Tès sa yo kapab ede evite ou gen kansè kolorektal oswa yo kapab ede doktè jwenn li bonè lè li ka pi fasil pou trete.

## Tès ki Rekòmande pou Gason yo

<b>Tès pou Kansè Pwostat</b> Ou pa bezwen fè tès nan moman sa a.	<b>Tès pou Kansè Pwostat</b> Apati laj 45 ane, gason afriken-ameriken yo ak gason ki gen manm fanmi pwòch ki te gen kansè pwostat anvan laj 65 ane ta dwe diskite sou avantaj ak dezavantaj tès yo avèk yon pwofesyonèl swen sante.	<b>Tès pou Kansè Pwostat</b> Pale avèk yon pwofesyonèl swen sante konsènan avantaj ak dezavantaj tès yo pou deside si li bon pou ou pou fè tès yo. Si ou deside teste, ou ta dwe fè yon tès PSA avèk san ou oswa san yon egzamen rektal dijital.	<b>Tès pou Kansè Pwostat</b> Nivo antijèn Espesifik Pwostat (levels, of prostate-specific antigen, PSA) ki nan san ou ka pi wo sou gason ki gen kansè pwostat ak lòt maladi.
---	--	---	---

## Tès ki Rekòmande pou Fanm yo

<b>Tès pou Kansè Tete*</b> Chèche konnen si ou arisk anpil pou gen kansè tete. Si repons lan se non, ou pa bezwen fè tès nan moman sa a.  Fè doktè ou oswa enfimyè ou konnen touswit si ou remake nenpòt chanjman nan fason tete ou yo sanble ak nan fason ou santi yo ye.	<b>Tès pou Kansè Tete*</b> Fanm ki gen laj 40-44 ane ta dwe chwazi pou kòmanse tès depistaj kansè tete avèk mamogram chak ane, Apati laj 45 ane, fè yon mamogram chak ane.	<b>Tès pou Kansè Tete*</b> Fè yon mamogram chak ane ant laj 45 ane ak 54 ane, answit lè ou gen laj 55 ane ou ta dwe chanje pou fè mamogram yo chak 2 zan, oswa ou ta dwe kontinye fè tès depistaj la chak ane toutotan ou gen bon sante.	<b>Mamogram</b> Yon mamogram pou tès depistaj se yon radyografi doktè itilize pou ede chèche si kansè tete sou fanm ki pa t gen okenn sentòm oswa pwoblèm nan tete.
<b>Tès pou Kansè Kòl Iteris</b> Ou ta dwe fè tès sa a chak 3 zan avèk yon Fwoti Vajinal.	<b>Tès pou Kansè Kòl Iteris</b> Fanm ki gen laj 30-65 ane ta dwe fè yon tès Fwoti Vajinal ak yon tès HPV chak 5 ane, oswa yo ta dwe fè yon tès Fwoti Vajinal chak 3 zan.  Fanm ki gen laj 66 zan ak plis epi ki te gen tès Fwoti Vajinal nòmal sou yon baz regilye kapab sispann teste.  Fanm ki te gen yon pre-kansè kòl iteris ki grav ta dwe teste pou omwen 20 tan apre dyagnostik la.	<b>Tès Fwoti Vajinal tès pou Kansè Kòl Iteris)</b> Tès Fwoti vajinal tcheke chanjman nan selil yo oswa selil ki pa nòmal nan matris la.  <b>Tès HPV tès pou Kansè Kòl Iteris)</b> Tès papilomavirus imen (human, papillomavirus, HPV) tcheke viris la epi ou kapab fè tès la anmenmnan avèk tès Fwoti vajinal la.	

## Rekòmandasyon pou fè Tès Depistaj pou Kansè Poumon pou Gason ak Fanm ki Arisk Anpil

<b>Tès pou Kansè poumon.</b> Yon eskanografi CT ki gen dòz fèb chak ane ka bon pou ou si ou gen laj 55-74 ane epi ou fimen nan moman oswa ou te konn fimen lontan	<b>Tès pou Kansè Poumon</b> Moun ki fimen oswa ki te konn fimen se moun ki pi arisk pou gen kansè poumon. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou konsènan risk pou gen kansè poumon ak sou fason pou teste.
--	---

Anjeneral asirans garanti sèvis prevansyon ak sèvis depistaj. Tanpri tcheke pou konfime avantaj espesyal swen sante ou.

**Sonje pou fè doktè ou oswa enfimyè ou konnen si ou te gen nenpòt kalite kansè oswa si manman ou, papa ou, frè ou, sè ou, oswa pitit ou te gen kansè.**

\* Ou bezwen kòmanse fè tès pou kansè kolorektal oswa pou kansè tete bonè pi bonè oswa pou fè tès pi souvan si ou pi arisk pase lòt lòt moun pou gen kansè sa yo. Pale avèk doktè ou sou sa.

cancer.org | 1.800.227.2345